



Pou Piblikasyon Imedya: 30/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY MIZAJOU SOU CORONAVIRUS LA PANDAN L AP
RAPLE MOUN NEW YORK YO KE GRIP LA TOUJOU LA**

Toujou pa ko gen ka coronavirus ke yo konfime nan Eta New York

*Depi kòmansman sezon grip la, kantite ka grip laboratwa konfime ak
ospitalizasyon kontinye ap ogmante*

*Jwenn kote ou ka jwenn vaksen kont grip toupre lakay ou [Isit la](#), epi swiv ka grip
nan zòn ou an [Isit la](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te avize Moun New York yo jodi a ke Eta a ak depatman sante lokal ak patnè swen sante yo ap rete vijilan epi yo genyen yon eta preparasyon ki elve pou pwoteje Moun New York yo kont coronavirus la. Li te avize Moun New York yo tou sou risk kontini pou grip sezonye a epi ankouraje yo pran prekosyon yo rekòmande yo pou prevni toulede. Jiska jodi a, Depatman Sante Eta New York la te voye echantyon ki soti nan 11 moun bay CDC a pou teste coronavirus la, kote yo jwenn sèt negatif ak kat ki toujou ankou. Pa gen okenn ka ke yo konfime nan Eta New York.

Men, konsènan grip la, kantite ka ki konfime nan laboratwa ak ospitalizasyon yo te ogmante chak semèn depi sezon grip la te kòmanse an oktòb. Sezon grip la pase prensipalman soti oktòb rive nan me, e sezon 2019-20 an pako rive nan nivo ki pi wo li.

"New York pa genyen okenn ka konfime coronavirus la, men n ap pran tout prekosyon ki nesèsè pou pwoteje kont pwopagasyon li nan eta nou an. Nou te pase la deja, e mwen vle raple Moun New York yo ke gen plis chans pou yo ekspoze a virus grip la ke coronavirus la," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "M ap ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran prekosyon debaz kont grip la, tankou lave men yo regilyèman epi evite kontak pre ak moun ki malad. Mezi sa yo ap ede moun evite vin an kontak ak coronavirus la tou."

Dènye rapò siveyans grip la montre aktivite sezonye grip la kontinye ogmante atravè Eta New York. Semèn pase a 2,015 Nouyòkè te ospitalize ak grip laboratwa konfime, sa ki reprezante jiska uit pousan pa rapò ak semèn anvan an. Sezon sa, te genyen 11,539 ospitalizasyon ki gen rapò ak grip. Anplis, semèn pase a, 15,012 ka grip ki konfime nan laboratwa te rapòte bay Depatman Sante Eta a, swa yon ogmantasyon 11 pousan nan ka yo pa rapò ak semèn anvan an. Te gen yon total 72,385 ka laboratwa konfime ki te rapòte sezon sa, ak twa lanmò pedyatri ki asosye ak grip la. Enfòmasyon sou aktivite grip la disponib sou [Swivi Grip Eta New York \(New York State Flu Tracker\)](#). Swivi Grip la se yon tablodbò sou [Konektè Sante Eta New York \(New York State](#)

[Health Connector](#) ki bay enfòmasyon atan sou aktivite lokal, rejyonal ak nan tout eta a ki gen grip la.

Nan dat 3 janvyè, Depatman Sante a te emèt yon [avi sante](#) ki alète pwofesyonèl swen sante yo de ogmantasyon dramatik aktivite grip la atravè Eta New York. Avi a ankouraje pwofesyonèl yo tou pou fè pwomosyon sou efikasite pou pasyon yo vaksine pou ede prevni pwopagasyon grip la. Byenke efikasite vaksen kont grip la ka varye, vaksen kont grip ane sa gen chans pou l pi efikas kont kalite viris grip k ap sikile sezon sa.

Komisè Depatman Sante a, Doktè Howard Zucker te deklare, "Pandan yo konsidere grip la ap pwopaje nan Eta New York, lè nou adopte mezi prevantif tankou lave men yo souvan, kouvri tous ak etèniman, epi rete lakay lè nou eksperimante sentòm tankou grip yo, sa ap ede prevni pwopagasyon grip la. Menm mezi sa yo ap ede pwoteje Moun New York yo kont coronavirus la."

Dènye ogmantasyon ospitalizasyon pou grip ki konfime nan laboratwa vini apre Dr. Zucker [te deklare dominans grip la](#) nan mwa desanm nan tout Eta New York. Anons la ap mete anvigè yon règleman ki ekzije pwofesyonèl lasante ki poko vaksine kont grip pou yo mete mask pou operasyon oubyen entèvansyon nan zòn kote pasyan yo jeneralman prezan.

Depatman Sante Eta a rekòmande epi ankouraje pou tout moun ki gen laj sis mwa oswa plis pase sa pou resevwa yon vaksen kont grip. Vaksen an espesyalman enpòtan pou moun ki gen gwo risk pou gen konplikasyon ak grip, ki gen ladan timoun ki gen mwens pase 2 an, fanm ansent ak granmoun ki gen plis pase 65 an. Moun ki gen kondisyon ki egziste deja, tankou opresyon ak maladi kè, yo gen plis risk tou, menm jan ak moun ki gen sistèm iminitè ki febli yo akòz maladi oswa medikaman tankou chimyoterapi oswa itilizasyon estewoyid kwonik. Piske viris grip lan kapab pwopaje fasilman atravè moun k ap touse oswa etènye, li espesyalman enpòtan pou manm fanmi ak moun ki gen kontak regilye ak moun ki gen gwo risk yo pou pran vaksen.

Byenke pa gen okenn vaksen pou coronavirus la aktyèlman, menm mezi prevantif senp pou grip yo ka ede sispann pwopagasyon an. Semèn pase a, Depatman Sante a te prezante enstriksyon pou pwofesyonèl swen sante, etablisman swen sante, laboratwa klinik, inivèsite ak depatman sante lokal yo pou bay enfòmasyon ki ajou konsènan epidemi an, epi asire gen pwotokòl apwopriye ki anplas si yon pasyan fè eksperyans sentòm ki konfòm ak coronavirus la, pou genyen yon istorik vwayaj vè Wuhan, Chin, oubyen ki te gen kontak ak yon moun ki te nan evalyasyon pou coronavirus la. Anplis, Depatman an te akeyi yon seri wèbinè enfòmasyon pou lopital, inivèsite ak pwofesyonèl swen sante yo. Depatman Sante a ap travay etwatman tou ak Sant pou Kontwòl Maladi (Centers for Disease Control, CDC) yo pou resevwa mizajou chak jou.

Gen plis enfòmasyon konsènan coronavirus ki disponib [isit la](#).

Pou deklarasyon anvan Gouvènè Cuomo yo sou coronavirus la:

<https://www.governor.ny.gov/news/governor-cuomo-issues-update-novel-coronavirus-one-more-new-yorker-identified-testing-bringing>

<https://www.governor.ny.gov/news/governor-cuomo-issues-update-novel-coronavirus-two-more-new-yorkers-identified-testing-bringing>

<https://www.governor.ny.gov/news/governor-cuomo-announces-states-continued-response-novel-coronavirus-three-more-individuals-are>

<https://www.governor.ny.gov/news/governor-cuomo-outlines-state-response-first-two-confirmed-cases-novel-coronavirus-united>

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)